

## ALE SOU SITWÈB NYS-MEP

<https://www.nysmigrant.org/>

Chèche jwenn enfòmasyon itil konsènan NYS-MEP, sant pwogram METS yo ak sèvis asosye yo.



**Enfòmasyon pou pran Kontak: Sant Pwogram travo Pratik ak Sèvis Sipò nan Edikasyon pou Travayè Sezonye (Migrant Education Tutorial and Support Services - METS)**

<https://www.nysmigrant.org/map>



Kat jewografik Eta New York se yon kat ki konvèsasyonèl. Klike sou yon konte pou jwenn enfòmasyon kontak pou sant pwogram METS lokal k ap sèvi konte a.

**DEKLARASYON DWA MOUN POU SEKIRITE AK KONFIDANSYALITE DONE; MOUN K AP APRANN LANG ANGLÈ; AK PWOSEDI POU DEPOZWE PLENT**

<https://www.nysmigrant.org/resources/familylibrary/parentsbillofrights>

Objektif la se pou bay paran yo enfòmasyon sou

- (1) Obligasyon legal konsènan konfidansyalite sekirite ak itilizasyon done elèv yo;
- (2) Aksè nan edikasyon ak pwogramasyon pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè ak paran yo; epi
- (3) Plent kont lekòl oswa distri lekòl ak METS.



Pwogram Edikasyon pou Travayè Sezonye Eta New York (NYS-MEP)

## Plan Angajman Paran ak Fanmi

### ENTWODIKSYON

Paran yo ak fanmi yo jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan sipòte devlopman fizik, entèlektyèl ak sosyo-emosyonèl pitit yo. Sa ap fasilite akonplisman akademik ak angajman sosyal piti yo nan lekòl.

### ANGAJMAN

Pwogram NYS-MEP pral:

- Chita-pale avèk paran yo ak fanmi yo sou edikasyon pitit yo;
- Sipòte paran yo ak fanmi yo kòm edikatè ak defansè prensipal pou pitit yo; epi
- Redui baryè ki anpeche paran yo ak fanmi yo patisipe nan aktivite NYS-MEP.

### **CHITA-PALE AVÈK PARAN YO AK FANMI YO**

#### **KOMITE KONSILTATIF PARAN (PARENT ADVISORY COUNCIL, PAC) LOKAL:**

Sant pwogram METS lokal yo ankouraje ak sipòte paran yo pou yo antre nan Komite Konsiltatif Paran (PAC) Lokal. METS ap chita-pale avèk paran yo ak fanmi yo sou planifikasyon, operasyon ak evalyasyon pwogram ak sèvis lokal pou travayè sezonye yo. Sa ap ede METS pi byen konprann fason pou satisfè bezwen elèv kalifye yo ak fanmi yo.

#### **KOMITE KONSILTATIF PARAN ETA A, State PAC):**

NY-METS ankouraje ak sipòte Paran PAC lokal yo pou antre nan PAC Eta a. Ekip Sipò Eta a ap chita-pale avèk PAC Eta a sou planifikasyon, operasyon ak evalyasyon pwogram ak sèvis eta a pou travayè sezonye yo. PAC eta a se yon pati enpòtan nan pwosesis pou idantifye bezwen elèv yo epi pou amelyore fason pou bay sèvis yo.

### **REDUI BARYÈ YO NAN PATISIPASYON**

NYS-MEP ap fè efò pou redui baryè lang ak lòt baryè pou kapab fè li pi fasil pou paran yo ak fanmi yo patisipe ak angaje nan tout aktivite NYS-MEP yo pou sipòte edikasyon pitit yo.

### **SIPÒTE PARAN YO AK FANMI YO KÒM EDIKATÈ AK DEFANSÈ PRENSIPAL POU PITIT YO**

#### ***AKTIVITE POU ANGAJMAN PARAN YO AK FANMI YO:***

Anplis reyinyon PAC lokal ak Eta a, sant pwogram METS lokal yo bay paran yo ak fanmi yo enfòmasyon ak opòtinite aprantisaj ki baze sou bezwen yo ak enkyetid yo.

Aktivite gwoup ak endividyèl sa yo gen ladan, men pa sèlman,

- Bay estrateji pou sipòte timoun yo lakay yo pou ede yo gen siksè nan lekòl;
- Konekte paran yo ak fanmi yo avèk lekòl la pou amelyore kominikasyon yo ant lekòl ak lakay;
- Konekte paran yo ak fanmi yo avèk resous kominotè epi pou devlope rezo sipò; epitou
- Kreye opòtinite pou koneksyon sosyal avèk lòt paran yo ak fanmi yo.

#### **Bibliyotèk NYS-MEP poui Paran yo ak Fanmi yo**

<https://www.nysmigrant.org/resources/familylibrary>

Chèche jwenn resous pou sipòte paran yo ak fanmi yo.

